



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN SEMÈN KLIMA A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI SANT  
EDIKASYON ANVIWONNMANTAL AK REZISTANS NAN PAK ETA HEMPSTEAD  
LAKE**

*Etablisman avanse konpreyansyon sou enpak chanjman klimatik la*

*Yon pati nan pwojè istorik la ap diminye inondasyon, amelyore kalite dlo otou  
Koridò Mill River a*

*Ofri espas pou ankouraje angajman pozitif ant lapolis ak jèn lokal yo*

*Renovasyon konplèks Teren Tenis lan fini*

Pandan Semèn Klima a, Jodi a Gouvènè Kathy Hochul anonse ouvèti Sant Edikasyon Anviwonmantal ak Rezistans ki koute 8.3 milyon dola nan Pak Eta Hempstead Lake (Hempstead Lake State Park) nan Konte Nassau. Sant 8,000 pye kare a ofri aprantisaj pratik sou sijè rezistans kont tanpèt ak jesyon anviwònmantal; bay espas pou sansibilizasyon kominotè; epi li sèvi kòm yon sant kowòdinasyon pou ijans pandan repons pou katastwòf. Sant lan se yon pati nan yon pwojè 35 milyon dola nan tout pak la pou diminye risk inondasyon, amelyore kalite dlo ak amelyore aksè ak lwazi sou koridò Mill River a kòm yon pati nan Rebuild by Design—Living with the Bay la, ki finanse pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development) Etazini an.

"Sant Edikasyon Anviwonmantal ak Rezistans Hempstead la se yon egzanp travay inovan Eta New York pou pwoteje anviwònman an nan epòk chanjman klimatik sa a epi elaji aksè ak lwazi deyò ki an sante", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Long Island konnen pèsonèlman ki jan efè devastatè nan chanjman nan klima ak move tan ekstrèm yo ap afekte kominote nou yo. Sant sa a pral ekipe vizitè yo ak konesans yo bezwen pou randre nan batay kont chanjman klimatik la, pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon k ap vini yo, ak ankouraje moun yo soti epi jwi bél pak sa a."

Chak ane pandan Semèn Klima a, Eta New York ap sensibilize sou enpak chanjman klima an konjonksyon avèk patnè lokal, nasyonal ak entènasyonal yo. Semèn Klima ofri opòtinite pou Eta a pou kontinye lidèchip li sou aksyon pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sèr ak amelyore rezistans enfrastrikti fas ak move tan ekstrèm.

Sant Edikasyon ak Rezistans Anviwonmantal la sitiye tou pre antre Iwès Pak Eta Hempstead Lake la, tou pre Lakeview ak Vilaj Hempstead, de kominote ki istorikman defavoize epi ki gen divèsite sou plan etnik. Sant lan pral sèvi kòm yon pwen fokal pou koneksyon sante amelyore ak litoral la, ansanm ak aksè dirèk nan lak la ak etan ak ranp kayak ak waf pou lapèch. Sant lan prezante ekspozisyon ak enfòmasyon ki eksplike enpak sou chanjman klima, pwosesis rezistans nan kominote a, ak jesyon anviwònmantal, e li gen ladan yon teras ki bay fas sou Hempstead Lake la. Lòt pwogram edikasyon pandan tout ane a pral amelyore konpreyansyon ak relasyon kominote a ak Basen Vèsan Mill River a.

Sant lan gen ladan espas kominotè pou edikasyon anviwònmantal, òganizasyon san bi likratif yo, enstitisyon edikatif yo, ak òganizasyon kominotè yo. Pwogram Nassau County Law Enforcement Explorer a, ki dirije pa Depatman Polis Konte Nassau, planife pou itilize Sant lan pou kontakte kominote lokal la, konbat vyolans gang k ap angaje jèn yo pozitivman atravè konsèy ak edikasyon.

Etablisman an kapab sèvi tou kòm yon repons "Pòs Kòmand" fas ak tanpèt pou kowòdinasyon lokal nan kad repons ak katastwòf pou premye sekouris yo, ansanm ak yon zòn pou konpayi sèvis publik yo k ap kowòdone mizanplas ekipman, amelyore repons ijans yo pou retabli sèvis publik enpòtan yo.

Sant lan te konstwi pou diminye enpak sou anviwònman an ak karakteristik kle sa yo:

- Anvlòp biling ak sistèm HVAC ki gen yon pèfòmans elve.
- Twati ak pano fotovoltayik, ekleraj LED ak deteksyon prezans ak koleksyon limyè pandan lajounen pou konpanse itilizasyon elektrik.
- Aparèy Plonbri ki gen efikasite elve, ki bay dlo tou piti oswa ki pa bay dlo.
- Vitraj fenèt ak pòt ki konfòm ak zwazo.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare**, "Sant lan pral ofri edikasyon pèspikas sou klima nou an k ap chanje a ak ede vizitè yo pou yo aktif, jeran anviwònman an ki pratik, pandan y ap sèvi kòm yon pòtay pou kominote a eksploré Park la. Mwen trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul, ak tout patnè nou yo paske yo ede pote yon etablisman edikasyon modèn ki nesesè anpil nan kominote a".

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvelman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare**, "Kòm n ap batay kont efè chanjman klimatik la, plis konesans nou ale an pwofondè sou defi n ap fè fas ak yo, se pi byen nou ka adrese yo san danje, yon fason sansib ak efikas. Kòm yon pati nan inisyativ 125 milyon Living with the Bay la, Sant Edikasyon ak Rezistans Anviwonmantal modèn lan se yon envestisman enpòtan nan repons fas ak katastwòf, men tou yon envestisman pou ankouraje rezistans pèsonèl, sekirite, ak konsyantizasyon. Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan gouvènman eta ak lokal yo te demonstre yon lòt fwa ke pandan nap ranfòse enfrastrikti fizik nou yo pou kenbe kominote tankou Hempstead an sekirite, nou kapab konsantre sou amelyore kalite lavi pèp la tou."

**Direktè Egzekitif Lojman, Racha ak Akizisyon nan Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a, Thehbia Hiwot te deklare**, "Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a kontan pou selebre finisman nouvo Sant Edikasyon ak Rezistans nan Pak Eta Hempstead Lake la avèk rezidan Lakeview, Hempstead, ak tout Konte Nassau yo. Nou ap tann ak empasyans patenarya kontinyèl nou avèk Pak Eta New York pandan n ap travay ansanm pou amelyore resous kominotè vital sa a pou ane k ap vini yo epi aplike objektif Living with the Bay la pou amelyore rezistans, anviwònman, ak kominote a."

Pwojè a se yon pati nan inisyativ Living with the Bay Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a ki koute 125 milyon dola pou ogmante rezistans kominote yo bò Mill River ak toupatou nan bè South Shore yo nan diminye domaje ki soti nan vag tanpèt yo; jere dlo lapli pou bese domaj nan evènman lapli komen yo; amelyore kalite abita ak dlo; epi ogmante aksè ak Mill River nan alafwa opòtinite edikatif ak ogmantasyon opòtinite lwazi. Amelyorasyon adisyonèl ki sou pye kounye a nan Hempstead Lake Park enkli: amelyore sèl baraj a risk elve Baraj Long Island—Hempstead Lake; reparasyon debòdman Northwest Pond la; enstale kaptè flotan nan Northern Ponds pou jere debri k ap flote ak fatra k ap antre nan sistèm lan soti nan zòn ozalantou ki trè ibanize yo; enstale amelyorasyon dlo lapli ak kalite dlo nan Northern Ponds; restorasyon abita; devlopman santye Greenway ak pon pou pyeton pou amelyore aksè piblik ak litoral la; amelyore sistèm santye a nan pak la pou randone, monte bisiklèt ak monte cheval.

### **Amelyorasyon Tennis Court Complex (konplèks Teren Tenis)**

Ouvèti Sant lan konyenside avèk finisman yon pwojè milti faz pou renove ak mete ajou Konplèks Teren Tenis pak la. Pwojè a 1 milyon dola te rekonstwi teren tenis an tè bat ak asfalt pou tou sezon ki deteryore a, kreye sis nouvo teren pickle bal, renove teren baskètbòl yo, ak renove enstalasyon twalèt yo.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividiyèl, sit istorik, santye rekreyatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò 78 milyon moun te vizite an 2020. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite [parks.ny.gov](http://parks.ny.gov), konekte sou [Facebook](https://www.facebook.com/NYSStateParks), oswa swiv nou sou [Twitter](https://twitter.com/NYSStateParks). Aplikasyon mobil Parks Explorer Eta New York la disponib pou aparèy iOS ak Android yo. Pou telechaje, vizite: [Google Play Store, NY State Parks Explorer App](https://play.google.com/store/apps/details?id=state.parks&hl=en) oswa [Apple Store, NY State Parks Explorer App](https://apps.apple.com/us/app/nys-state-parks-explorer/id1083111111).

**Senatè Ameriken Chuck Schumer te deklare**, "Aprè Siklòn Sandy, mwen te goumen anpil pou mwen jwenn dè milya dola nan envestisman federal pou enfrastrikti vèt, rezistan nan tout New York, ki gen ladan 125 milyon dola ki dedye a efò prevansyon inondasyon nan Basen Vèsan Mill River yo. Sant Edikasyon ak Rezistans Anviwonmantal sa a se jis youn nan anpil pwojè enpòtan lajan sa a finanse pa sèlman nan Pak Eta Hempstead Lake men nan sidwès Konte Nassau pou pwoteje kont tanpèt, amelyore kalite dlo, retabli abita natirèl, ak amelyore konpreyansyon nou sou defi kominote nou yo ap fè fas ak yo nan yon klima k ap chanje."

**Reprezantant U.S. Ia, Kathleen Rice, te deklare**, "Mwen trè eksitan pou ouvèti Sant Edikasyon ak Rezistans Anviwonmantal la nan Pak Eta Hempstead Lake, ki pral sèvi kòm yon espas pou kontak lokal ak pwogram edikatif yo, ansanm ak sant kowòdinasyon ijans pandan tanpèt ak lòt katastwòf natirèl yo. Kominote minorite yo twò souvan yo inyore yo nan diskisyon sou chanjman klimatik la, e mwen espere nouvo sant sa a pral ede chanje sa. Pandan n ap kontinye wè pi gwo tanpèt, inondasyon, ak lòt konsekans chanjman klima isit la nan Long Island, mwen pral kontinye goumen pou finansman federal nan Kongrè a pou amelyore kapasite rezistans nou yo ak repons pou katastwòf yo."

**Senatè Kevin Thomas te deklare**, "Edikasyon anviwònmantal kenbe mond natirèl nou an sante, ekonomi nou an pwodiktif, ak kominote nou yo vibran. Nouvo Sant Edikasyon ak Rezistans Anviwonmantal nan Pak Eta Hempstead Lake pral ankouraje konpreyansyon, apresyasyon, ak angajman anviwònmantal nan kominote a pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen vle remèsye Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York ak Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a pou efò kontinyèl yo pou pwoteje resous natirèl valab nou yo, ak pou amelyore kalite lavi rezidan yo."

**Manm Asanble Taylor Darling te deklare**, "Mwen kontan ke Sant Edikasyon ak Rezistans Anviwònmantal nan Pak Eta Hempstead Lake la ouvri!!! Sa a se yon nouvèl fenomenal. Sant sa a pral pote anpil opòtinite aprantisaj pou timoun nou yo ki gen tout laj ak evantyèlman diminye inondasyon ak amelyore kalite dlo otou koridò Mill River a. Sa se yon repons enkwayab pou gwo bezwen anviwònmantal nou yo. Pak Eta Hempstead Lake kontinye rete yon refij pou bét sovaj ak yon anviwònman trankil pou detant nou ak/oswa aktivite fizik. Kominote a kontan anpil pou renovasyon konplèks teren tenis la. Gwo amelyorasyon sa yo pral ankouraje pi bon avanti menm pou ane ka p vini yo. Mwen ta renmen remèsye tout moun ki te rann avansman sa yo posib, espesyalman Depatman Pak nou an (nou tout enpresyonan!). Sa a se yon gwo akonplisman pou tout moun ki enplike!!"

**Manm Asanble Judy Griffin te deklare**, "Avèk tanpèt ki sot pase yo, nou tout te temwen enpak prejidis chanjman klimatik la sou Long Island. Se poutèt sa, li enpòtan pou Eta New York kontinye trase chemen an nan pran aksyon desizif nan yon apwòch ki gen plizy fasèt. Nouvo Sant Edikasyon ak Rezistans Anviwonmantal sa a nan Hempstead Lake State se yon gwo etap pou pi devan nan anseye kominote nou an sou rezistans tanpèt ak enpak chanjman klimatik e mwen fyè dèske mwen gen sa nan sant distri nou an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li mennen gwo pwojè anviwonmantal sa paske li trè benefik pou zòn nou an."

**Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare**, "Se yon gwo jou pou Konte Nassau. Anplis nouvo amelyorasyon rezistans, kalite dlo ak amelyorasyon abita k ap fèt nan Pak Eta Hempstead Lake la, nouvo etablisman sa a pral sèvi kòm yon sant kominotè edikatif ke PD Konte Nassau pral itilize pou pwogram kontak ak konsèy pou jèn ki soti nan katye defavorize yo. Konte Nassau pral kontinye travay an patenarya avèk Eta a pou angaje kominote lokal yo konsènan pwoteksyon

anviwònmantal epi asire Long Island rete san danje, bèl, ak abitab pou jenerasyon k ap vini yo."

### **Plan Klimatik Nasional Eta New York la**

Ajanda nasional sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap rebabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansam, envestisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Avèk Lwa sou Klima a kòm gid li, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisyé kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)